



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 3 septanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ONORE TWA POLIS NAN KONTE SUFFOLK AVÈK PRIM AJAN LAPOLIS POU ANE A

Twa polis te onore pou wòl yo nan pwoteje rezidan Suffolk yo kont moun ka p fè vyolans ak zam

Sis ofisye fi soti nan senk ajans atravè Eta New York resevwa Sètifika Valè Eksepsyonèl pou aksyon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te onore twa manm nan Depatman Lapolis Konte Suffolk avèk Prim Ajan Polis pou Ane nan Eta New York: Sèjan Christopher Prokesch, Sèjan Ryan Sefton, ak Ofisye John Klein. Twa ofisye sa yo te konfwonte yon nonm ki te ame ak yon fizi semiotomatik apre yo te reponn a yon apèl nan seksyon riral Shirley, e yo te aji byen vit pou yo te asire sekirite moun kap viv nan zòn nan ak kòlèg yo.

“Nan non tout moun nan New York, Mwen bat bravo pou Sèjan Prokesch, Sèjan Sefton ak Ofisye Officer Klein pou zak vanyan sa a e mwen remèsye yo pou kouraj ak sakrifis yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Aksyon yo bay egzanp sa ki pi bon nan kominote lapolis New York, kote manm yo chak jou mete tèt yo nan danje pou yo pwoteje vwazen yo ak sèvi kominote yo.”

Lieutenant Gouvènè Robert J. Duffy te prezante prim yo nan non Gouvènè Cuomo nan yon seremoni aprè midi a nan Bilding H. Lee Dennison a nan Hauppauge. Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone ak Komisyonè Polis Konte Suffolk Edward Webber te jwenn ansanm avèk li pou yo te prezante prim nan.

Lieutenant Gouvènè Robert J. Duffy te deklare, “Mwen felisite sensèman Sèjan Christopher Prokesch, Sgt. Ryan Sefton ak Ofisye John Klein nan distenksyon sa a. Ofisye sa yo te aji san egoyis nan yon sityasyon ki te menase lavi—yon defi yo te jere avèk kouraj non sèlman nan jou nou onore yo a men 365 jou nan ane a. Mwen rekonesan pou tout bagay manm lapolis sa yo fè pou moun nan eta New York, e se yon onè pou mwen prezante yo (Prim pou Ajan Lapolis pou Ane sa a) Police Officer of the Year Award.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Sekouris ijans nou yo ak pèsònèl lapolis fè anpil efò chak jou pou pwoteje plis pase 1.5 milyon moun nan Konte Suffolk, e souvan yo rele yo pou yo pran

desizyon entantane pou sove lavi nan sikonstans ki pi difisil. 28 Jen 2013, Sèjan Christopher Prokesch, Sèjan Ryan Sefton ak Ofisye Lapolis John Klein te riske lavi yo pou pwoteje plizyè rezidan ak konpayon polis parèy yo kont yon moun vyolan ki te tire pkizyè fwa. Mwen fyè anpil paske twa nan pi rafine nan Konte Suffolk yo onore pou aksyon kouraj yo, e te resevwa (Prim Ofisye Lapolis Gouvènè Ane a) Governor's Police Officer of the Year Award. Twa ewo sa yo se vrèman yon enspirasyon e yo sèvi kòm yon modèl pou kominote nou an."

Komisyonè Lapolis Konte Suffolk Edward Webber te deklare, "An fas gran danje e avèk gwo risk pou sekirite pèsònèl yo, ofisye sa yo pat ezite angaje avèk yon advèsè ki ame pou yo te mete fen nan aksyon omisid yon moun. Moun nan Konte Suffolk dwe konnen ke yon byen sèvi pa ofisye lapolis ki gen vanyan ak pwofesyonèl."

Nan sware 28 Jen 2013, Depatman Lapolis Konte Suffolk te resevwa yon apèl 9-1-1 pou bal ki te tire nan kay nan seksyon riral Shirley a. Lè polis yo te rive sou sèn nan, yo te pale avèk vwazinaj yo konsènan apèl la e yo te ale tcheke kay yo te rele pou li a. Yon ofisye te frape pòt dèyè a pandan Ofisye John Klein tap idantifye tèt li e te mande moun yo pou yo soti ak men yo anlè.

Lè pòt la te ouvè, yon nonm te parèt epi li te tire yon bal nan direksyon Ofisye Klein pandan lòt ofisye yo tap pran refij. Yon wonn nan fizi a te frape pòch Ofisye Klein, men li te kapab tire tou sa ki te oblije nonm nan fè back nan kay la.

Sèjan Prokesch te pran kontwòl sityasyon an, nan direje ofisye yo pou pran refij. Li te fè yon apèl poul asire ke tout moun te an sekirite epi li te mete yon perimèt toutotou kay la epi koòdone evakyasyon moun ki rete nan vwazinaj la. Pandan evakyasyon an ta p fèt, nonm nan sòti deyò a, fwa sa a li te mete yon kas nan kò li ak yon kas nan tèt li epi li te kenbe yon fizi semiotomatik. Li te vize Sèjan Prokesch ak Sefton, e li te tire sou yo plizyè fwa.

Toude Sèjan yo. Prokesch ak Sefton te tire tou jiskaskè nonm nan te sispann tire e tonbe atè a, finalman li sikonbe a blesi yo. Pat genn okenn ofisye oswa rezidan ki te blese nan ensidan an.

Yo te kreye Prim Ofisye Lapolis Ane a nan ane 1983 pou rekonèt yon sèl ofisye lapolis, oswa pou rekonèt yon ekip ofisye, pou yon aksyon eksepsyonèl ki gen valè, ki reprezante sèvis lapolis nan Eta New York. Prim nan te premye prezante an 1984.

Depi kreyasyon prim nan, 107 nan 16 ajans toupatou nan eta a te resevwa li. Pami yo, 69 te onore apre yo te mouri, gen ladan 23 ofisye nan Depatman Lapolis Vil New York ak 37 manm Port Authority nan Depatman Lapolis New York/New Jersey yo te touye nan atak teworis nan World Trade Center nan dat 11 septanm 2001.

Sèjan Prokesch se yon veteran ki gen 27 ane nan Depatman Lapolis Konte Suffolk. Li te asiye nan (Divizyon Patwouy) Patrol Division e li te travay nan (Setyèm Present) Seventh Precinct depi 2004. Avan pozisyon sa a, li te fè patwouy nan twazyèm ak senkyèm present.

Haitian Creole

Yon veteran 13 zan te asiye nan divizyon Patwouy. Li aktyèlman asiye nan Premye Present, men li te fè patwouy nan Sizyèm ak Setyèm Present e li te sèvi tou nan ekip Depatman ki vize gang. Ofisye Klein te antre nan depatman an 2007 e li te asiye a Setyèm Present, kote li toujou ap travay.

Kat ofisye nan Depatman Lapolis Konte Suffolk te resevwa prim sa a, kòm yon ajan de sèvis nan Depatman Lapolis Southampton. Ou kapab jwenn yon lis konplè prim yo la <http://www.criminaljustice.ny.gov/ops/poya/recipientspast.htm>.

Division of Criminal Justice Services (DCJS) (Divizyon Jistis Kriminèl) eta a kowòdone travay Komite Seleksyon Ofisye Lapolis Ane, ki revize deziyasyon ajans lapolis Eta New York soumèt yo. Komisyonè Egzekitif Adjwen (Depatman Sèvis Jistis Kriminèl) Department of Criminal Justice Services Executive Deputy Commissioner Michael C. Green sèvi kòm prezidan komite a.

Komisyonè Depite Egzekitif Michael Green te deklare, “Ensidan sa a se yon rapèl vivid sou kijan travay polis kapab enprevizib ak danjere. Ofisye yo pa konnen kisa chak jou ap pote pou yo sèlman yo ta swete ke yo pa nan yon sitiyoasyon tankou pa Sèjan Prokesch Ak Sefton ak Ofisye Klein nan. Ofisye sa yo te evalye sitiyoasyon an e yo te fè sa yo konnen pou yo te fè pou yo te kapab pwoteje kòlèg yo ak moun inosan ki nan zòn nan. Mwen gen onè poum rekonèt yo ak lòt kandida yo pou efò ewoyik yo ansanm avèk lieutnant Gouvènè Duffy nan non Gouvènè Cuomo.”

Wit ofisye ki soti nan senk lòt ajans te onore tou pou prim nan. Ofisye sa yo pral resevwa Sètifika Valè Eksepsyonèl nan men Gouvènè Cuomo :

- **Detektif Keith Kerl ak Ofisye Robert Cornell Jr. ki nan depatman Lapolis Lancaster (Konte Erie):** Detektif Kerl ak Ofisye Cornell te reponn yon apèl nan radyo nan dat 1e Jiyè 2013, ki te enplike kat elèv Lancaster High School ki te pèdi konesans ak boule apre poto yo tap deplase ki gen objektif foutbòl la te gen kontak avèk liy kouran prensipal yo. Lè yo te rive sou sèn nan, ofisye yo te jwenn liy kouran prensipal yo tonbe, e yo te kòmanse ede jènn ti gason sa yo, gen youn ladann yo ki pat gen batman kè. Pandan Detektif Kerl tap fè CPR sou elèv la, Ofisye Cornell te jwenn yon (Defibrilatè Otomatik Ekstèn) Automated External Defibrillator (AED) nan machin patwouy yo a. Ofisye a te itilize AED a, ki te sove lavi elèv la. Tout kat elèv yo te sove nan ensidan an.

- **Lt. Todd Chenez ak Ofisye Michael Stover nan Depatman Lapolis Lockport (Konte Niagara):** Lt. Chenez ak Ofisye Stover, pandan yo te fin travay ak soti nan fòmasyon pou yon maraton nan dat 18 Mas 2013, yo te rive nan yon kay ki tap pran dife nan Hawley Street. Toude ofisye yo te kouri pase pa dèyè kay la, e yo te wè lafimen nwa ki tap soti nan pòt dèyè a epi ki tap plen kay la. Mèt kay la ki te chape nan pòt dèyè a te di ofisye yo ke mari li te toujou andedan an. Toude mesye yo te kouri antre nan kay la nan tout lafimen nwa a yo te wè mari a nan pye eskalye sousòl la. Lafimen te fè mesye yo kouri soti nan kay la men yo te retounen, e yo te jwenn mesye a pèdi konesans. Avèk èd de ofisye yo ki te rive sou sèn nan, yo te rive sove mesye a nan kay la. Paramedik sou sèn nan te ede l reviv e yo te trete l nan yon lopital lokal.

• **Sherif Depite Shawn Burbridge ki nan Biwo Sherif Konte Madison:** Depite Burbridge te reponn yon apèl telefòn pou yon moun ki te vle tiye tèt li nan Chittenango Falls State Park. Lè li te rive, li te jwenn jèn madanm nan kanpe nan rebò chit la avèk yon 150 pye tonbe apre li vin grinpe yon kloti fè. Li te eseye pale avè l men li pat okipe l. Avèk èd State Trooper, Depite Burbridge te mare kò li nan kloti a e li te ale kote madanm nan. Li te kòmanse ap tonbe nan rebò chit la, lè Depite Burbige te pran li epi rale l mete an sekirite.

• **Troopers Nichole Turck ak Scott Whitmore nan New York State Police Troop D:** Troopers Turck ak Whitmore ta p fè patwouy ozanviwon Konte Wout 2 nan Orleans, Konte Jefferson a 1 a.m. nan dat 2 Avril 2013, lè yo te remake yon lafimen a distans. Yo te ale nan direksyon dife a e yo te rive nan yon etab, ki tap vale teren nan dife ki tap gaye nan yon kay nan Konte 13. Yo te kouri nan kay la, frape nan fenèt yo e yo te leve yon granmoun gason 85 ane ki pat konnen anyen de dife a. Li te kite kay la men madanm li ki gen laj 85 ane ki te an pati andikape te toujou andedan an. Troopers Turck ak Whitmore, avèk èd Bon Samariten, te retire madanm nan kay la pou mete l a sekirite. Toude viktim dife yo te trete nan yon lopital lokal e te reyini avèk manm fanmi yo.

• **Ofisye Wayne McConnell ki nan Depatman Lapolis Watertown Police Department (Konte Jefferson):** Ofisye McConnell te reponn yon apèl yon gason ki tap swiv yon fi. Lè li te rive sou sèn nan, li te konfwonte gason an ki te genyen yon kouto nan menn li e li tap kouri dèyè fi a, li te pike l plizyè fwa. Ofisye McConnell te vize gason an avèk zanm li pandan li te pozisyon ant viktim nan ak asasen an. Pandan EMS tap ede fi a, gason an pat vle konfòme l avèk enstriksyon Ofisye McConnell pou l jete kouto a. Nan pwèn sa a, gason an vin distrè pa yon lòt ofisye, ki pèmèt Ofisye McConnell itilize yon Taser sou mesye a. Ofisye a te dezame li epi arete li. Madanm nan te siviv blesi yo.

Anplis de Depatman Jistis Kriminèl Sèvis Komisyonè, Komite seleksyon Ofisye Lapolis Ane a konpoze de manm sa yo: Sipè Entandan Lapolis Eta New York, Direktè Egzekitif ak konseye Asosyasyon Sherif Eta a, Direktè Egzekitif Asosyasyon Chèf Lapolis Eta a, Prezidan Konferans Lapolis New York, Prezidan Asosyasyon Lapolis Benevòl, ak Prezidan Asosyasyon Patwouy Benevòl nan Vil New York.

DCJS (www.criminaljustice.ny.gov) se yon ajans sipò jistis penal ki gen plizyè wòl ak divès responsablite, tankou ranmasaj ak analiz enfòmasyon sou krim nan tout eta a; konsèvasyon enfòmasyon sou dosye kriminèl ak dosye anprent; sipèvizyon administratif bank done DNA eta a, nan yon patenarya ak Lapolis Eta New York; administrasyon lajan pou jistis penal onivo federal ak eta; sipò pou ajans ki asosye ak jistis penal atravè eta a; ak administrasyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE